



**IJAMBO RISHIKIRIJWE NA RETA Y'UBURUNDI KUBIJANYE
N'IBIHE TURIMWO TWITEGURIRA AMATORA-**

BASHINGANTAHE, BAPFASONI, RWARUKA ;

1.- Uyu muni uri hejuru twazindutse tuza muri iyi Ntara yanyu kubaramutsa, tubaha indamutso y'Amahoro kuko Amahoro ni mwe mwayarondeye kandi nimwebwe muyabungabunga ijoro n'umutaga. Ni mugire Amahoro rero mu Ntara yanyu, mu Miryango yanyu no mu Ngo zanyu.

Turazi neza ko kubungabunga amahoro n'umutekano biri mu bintu nyamukuru biraje ishingira Reta kandi bikaba bibaraje ishingira na mwebwe abenegihugu, kanatsinda ata mahoro ntagishoboka. Mugabo turazi ko hari abandi nabo, barajwe ishingira no gutoba mu kuyahungabanya. Abo nabo baca mu nzira nyinshi: Hari abaza kubongorera mu matwi ngo muragaba, hagira habe ibi canke biriya, abandi nabo bagaca mu maradiyo bakwiza ibihuha canke batera ubwoba abenegihugu hamwe nk'uwufise umutima uhuha yohava ata akomoka, nkuko hamwe bimaze imisi vyibonekeza. Aha twobaha akarorero ko mu Ntara za Kirundo, Muyinga na Kayanza aho abanyagihugu bababa 800 bamaze guhungira mu Gihugu c'Urwanda bivuye ku bihuha n'iterabwoba bica ku bimenyeshamakuru bimwe bimwe.

Uyu muni rero twaje kubaremesha, tubahumuriza kuvyo muza murumva cane cane muri iyi muni turiko turegereza amatora, haba ku maradiyo, canke urundi rukurukuru rudumishwa muri benegihugu.

2.- Muramaze iminsi mwumva hari abavuga ngo hatabaye iki canke kiriya ngo indwano igiye gutera mu Burundi nta gisivya .

Barundi, Barundikazi,





Mbe ko ku Mitumba yanyu mutekanye, mu ma-Komine mukaba mutekanye, mu Ntara mukaba mutekanye, abo bashamiranye boba ari bande? Nta bwoko bugira butere ubundi, nta Ntara igire itere iyindi, nta Komine igire itere iyindi, eka nta n' Umuryango ugire utere uwundi. Reta ikaba ibasavye rero ko mwotekana kuko ata ntambara izosubira gutera mu Burundi, haba muri iyi minsi canke mu misi iri imbere


Nk'uko Nyene icubahiro Umukuru w'Igihugu cacu yama yabivuze yongera abisubiramwo, uwuzotera intambara izotangurira mu rugo iwe, yongere iherere mu rugo iwe. UWUZOHIRAHIRA AKAWUCANA Nawe azowota eka n'uwuzorukarisha nawe Ruzomumwa.

Uburundi burafise abajejwe umutekano bakwiye kandi b'inkerebutsi, ntawuzobananira kugarukana ku murongo kuko no mu makungu basigaye ari ba Bitumwako. Ntibocungera amahoro n'umutekano mu mahanga ngo bananirwe kuwucungerera bene wabo bari mu Gihugu cabibarutse.

3.- Mwama mwumva Amaradiyo amw'amwe avuga ngo aha canke hariya ngo ibirwanisho biriko biratangwa nabo mu nzego za Reta.

Barundi, Barundikazi,

Iyo mvugo si iy'uno muni, Muri ibi bihe twegereje amatora rero havugwa vyinshi. Kanatsinda ni nako vyamye kuko murazi ko atari amatora ya mbere atunganijwe mu Burundi, kuko benshi muri mwebwe muribuka ivyavugwa imbere y'amatora yo mu 2010, aho hakwizwa ibihuha vy'ibinyoma, ngo ibirwanisho biriko biratangwa ku mugaragaro gushika naho amakungu abijako, akajijurwa nuko aho yishikiye guhagararira amatora yasanze cari ikinyoma cambaye ubusa kubera umutekano ntangere waranze ayo matora.





Muribuka kandi twimirije amatora yo mu 2010 ibindi vyavugiwe ku maradiyo. Turetse ivyo vy'ibirwanisho, haravuzwe ivyerekeye udushinge umuntu ngo agutera umuramukije, haravugwa ivyerekeye abakurana amenyonyi buri buri naho hahitiye heze abitwa ba Rukoti, Kiliba Ondes n'ibindi. Ivyo vyose bakaba babigira kugira basamaze Abenegihugu, bishobotse ngo babacanishemwo canke bakaba bariko barategura iyindi migambi igayitse.

Nk'uko muvuyibuka, mu mpera z'umwaka uheze haravuzwe vyinshi ku maradiyo ngo hari urwaruka rw'Abarundi (ngo rwegamiye Umugambwe uri ku butegezi) ruri kwigishwa ivyigisirikare mu gihugu kibanyi ca Kongo ahitwa Kiliba ONDES kandi ngo rwarungitswe n'ubutegezi. Reta y'Uburundi na Reta ya Kongo zarabibeshuye, eka ninteko za Onu zitwa MONUC zakorera muri ako karere ziravyiyamiriza.

Ntibwakeye na kabiri Intara ya Cibitoke yaciye iterwa, iterwa kandi n'umurwi w'abantu baje bava muri ako karere nyene. Bisigura ko abo bavuga urwaruka ruri i Kiliba ONDES bariko basamaza inzego z'umutekano, bobo bari bazi igitero cariko kirategurwa kugira ngo amatora twimirije aburizwemwo.

N'ubu rero turabahumuriye nta birwanisho biriko biratangwa n'inzego za Reta. Mbe abo bobihabwa batajewe umutekano vyoba ari ivyo kurwanya nde? Ni nde yoba ariko arabitanga? Ko Reta yonyene ariyo ijejwe umutekano w'abenegihugu yowukingira hanyuma ikaba ariyo igaruka kuwuhungabanya?

Aho rero ni ukuhagabira, mukaraba neza kuko abo babivuga bashobora kuba bafise izindi ntumbero. Kanatsinda ibimenyetso bitari bike birerekana ko abenshi mu bavuga ivyo ari babandi bafise intumbero yo kuburabuza amatora kugirango inzego zatowe n'abenegihugu zirangize





ikiringo zidasuburijwe maze mu gihugu habe akajagari kamwe gaca gatuma Abarundi basubira mw'ihumbi.

Barundi, Barundikazi,

Kuri ivyo rero bivugwa vy'ibirwanisho, muhabere maso kuko abo bambika ibara inzego za Reta; bashobora kuba bonyene bafise izindi ntumbero zijanye no gutoba amatora kuko biramaze kugaragara ko hariho abatayipfuzza, kanatsinda muribuka yuko hari bamwe bamwe bagumye bavyivugira ku mugaragaro ko bafise icipfuzo co kuzana inzego mpfatakibanza.

Ariko ni mureme Reta ibikurikiranira hafi, abajejwe umutekano nabo bakaba barikanuye. Reta ikaba yagomba kubaremesha, ibemerera yuko amatora azoba kandi azoba meza cane nk'uko Nyen'icubahiro Umukuru w'Igihugu adasiba kurivumera.

Ni nkuko Reta igabishije abo bose bakwiza ibihuha mu ntumbero yo kujuragiza abenegihugu no kuburabuza amatora canke ngo bayabere intambamyi, yuko amategeko agiye gukurikizwa ata guhigimanga. Amategeko agenga amatora n'ibihe vy'amatora aratomoye, *Reta igasaba yuko abazofatwa bagomba kuyahungabanyu, hashirwa imbere y'intahe, bagacirwa urubanza rw'ikibiraho kurya kw'abafatanywe itonga, gurtyo abo biteze gusomera bahitanijwe n'ikiza canke akajagari, bazobe bararindira gushika aho amaso azohera mu gahinga.*

4.- Hari nibindi bivugwa bijanye no kugira imyiyererekano, ndetse ngo harimwo n'umugumuko wakajagari ngo hamwe Umukuru w'Igihugu akiramutswa ubu yoshikirizwa n'Umugambwe ngo asubire kwitoza, ababivuga bagasa n'abashaka kumutegeka ngo n'avuge ko azitoza n'uko atazitoza kandi hataragera.





Igitanganje muri ivyo vyose ni uko ivyo babisaba kandi mu Migambwe yabo, mu Mashirahamwe yabo canke mubo boba bashigikiye canke bacuditse bataravuga abo bariko barategura kuzitoza abaribo. Kanatsinda n'igihe ntikirarengerana.

Ku bijanye no kwitoza kw'Umukuru w'igihugu, Reta yagomba kwibutsa yuko amategeko abitunganya ahari, kandi atomoye neza kuko hariho amasezerano ya Arusha, hakaba Ibwirizwa Nshingiro riyakomokako kandi mwitoye mwebwe nyene mu mwaka w'i 2005 kandi rikaba ariryo risumba ayandi mateka n,a mabwirizwa yose nkuko bimeze mu bihugu vyo kwisi yose. Hari ndetse n'ayandi masezerano yagiye aremezwa n'abo vyega kugirango amahoro aboneke mu gihugu cacu, harimwo nk'ayo guhagarika intambara. Ayo yose rero hariho inzego zijejwe kuyubahiriza, Reta igasaba ishimitse ko abantu boreka kuzivogera, no kuzirengera akarimbi, tukaba dushaka kuvuga **Sentare ijejwe kwubahiriza Ibwirizwa Nshingiro** kuko ariyo yonyene ibifitiye ububasha ihabwa n'Ibwirizwa Nshingiro be n'Amasezerano ya Arusha. Abandi bashaka kwigira abahinga mu vyo batajejwe nibareke gusamaza Abarundi n'Amakungu.

Ku bijanye n'imyiyerekano nayo hariho amategeko ayigenga akongera akayitunganya, uwuzoyarengako navyo ibihano bikaba bitegekanijwe nayo mategeko nyene.

Tunabonyeho n'akanya ko kwibutsa ko hariho ingingo zijanye n'ibihe vy'amatora zategekanijwe n'itegeko n°100/062 ryo ku wa 04 Rusama ribuza amayegereyegere mu gihe c'amatora,ni ukuvuga guhagarika akazi haba ku bakozi ba Reta canke abikorera ivyabo, ikaba yerekeye kandi n'Abanyeshule bose baba abo mu Mashule ya Reta canke ay'Abikorera ivyabo. Imyigaragamvyo yose nayo nyene itajanye no kwiyamamaza mu gihe c'Amatora ica iba irahagarikwa, iryo tegeko rikaba rigikurikizwa kuko ata rindi rirarifuta ngoryongere ririsubirire.





Izo ngingo rero ni ingingo zitomoye kugira ngo amatora azogende neza ata kintu kiyadurumbanije bose kandi kuneza y, Abarundi bose.

Barundi, Barundikazi bo mu Ntara ya

5.- Iryo ni ryo jambo ry'ihumure tubashikirije. Ibivugwa hirya no hino, haba mu maradiyo canke ahandi, muvumvirize kuko ni uburenganzira bwanyu mugabo mukoreshe ubwenge Imana yabahaye mubanze mubaze umutima, kuko mu maradiyo hacamwo vyinshi, ibihuha bidasigaye inyuma. Bizoba bibazazaniye murabaze ababarongoye nabo ico batazoba bafitiye inyishu bazokibaze ababakurira. Ababarongoye nabo tubasaba kubaba hafi kugirango babahe umuco kubibazo mwoba mufise bifatiye kuvyo mwumva aha canke hariya.

Mubandanye mubungabunga amahoro n'umutekano mukomeze ya nyabune, ni ukuvuga, gukorana n'inzego z'Umutekano, inzego z'Ubutegetsi, iz'Ubutungane hamwe n'Abenegihugu kuko umutekano ariryo soko ry'iterambere ryanyu n'iry'igihugu cose.

Amatora muzoyitabe muri benshi kandi mu mutekano ntangere. Ni vyo Amatora ni igihe gihambaye ku buzima bw'igihugu kandi ashoboka kuko hari abitoza n'abatora. Abo nabo ni bamwebwe. Ariko mwame mwibuka ko inyuma y'amatora ubuzima bw'umwumwe wese bubandanya, ko muzoguma mubana kandi ataho muzoshirana. Nico gituma tubasavye kubungabunga ubumwe mu budasa bwanyu, haba mu migambwe murimwo, canke mu vyiyumviro bitandukanye mudasangiye, ibivugwa ntibibacanishemwo kuko kudasangira ivyiyumviro, idini, ubwoko canke imigambwe ni ibintu bisanzwe bidakenewe kubateranya.

Tuboneyeho akaryo ko gutera akamo abo bose bahenzwe bagata izabo bagahunga igihugu kubera ibihuha, ibinyoma n'iterabwoba bikwiragizwa n'abadashaka ko amatora agenda neza, ko botahuka mu gihugu



c'amavukiro. Nta nzu iriko irasha, nta ntambara ihari canke yimirije kuba mu gihugu cacu c'Uburundi.

Mu kurangiza, twashaka gukebura abarongoye amaradiyo, ibinyamakuru, abanyepolitike, hamwe n'abo mu mashirahamwe avuga ko adaharanira ivyicarwo vya politike guhindura imvugo n'inyifato muri ibi bihe vy'amatora turimwo. Aho kugumura no guca ivutu abenegihugu bashikirize imigambi yubaka, kuko igihugu ari ica twese. Ata n'umwe arekuriwe kugitabagura kuko ata n'umwe bizozanira inyungu.

Ni mugire amahoro, Ubumwe, Umutekano n'Amatora meza, Murakoze.

Bujumbura, Ndamukiza 2015.-

